

## Plan pou Trete Opresyon / Enstriksyon pou Pasyan/Paran



Plan PACNJ pou **Tretman Opresyon** an li prepare pou ede chak mounn konprann etap nesèsè pou yon pasyan ka rive kontwole opresyon l.

### 1. Pasyan/Paran/Gadyen: *avan ou pran fòm sa a pou pote l ba sèvis ki ba w swen sante:*

Komplete seksyon agòch anwo fòm nan avèk:

- Non pasyan an
- Dat nesans pasyan an
- Non ak telefòn doktè pasyan an
- Non Paran/Gadyen ak nimewo telefòn li
- Non ak nimewo telefòn yon mounn pou si ta gen yon emèjensi

### 2. Sèvis ki ba w Swen Sante a pral:

Komplete pati sa yo:

- Dat plan sa a efektif
- Enfòmasyon medikaman nan seksyon "An Sante", "Fè atansyon" ak "Emèjensi"
- Sèvis ki ba w Swen sante pral tcheke ti kare akote medikaman an, l ap tcheke ki kantite ak konbenn fwa pou pran l.
- Sèvis ki ba w Swen Sante a k ap tcheke "**OTHER**" (Lòt) epi l'ap
  - ❖ Ekri medikaman pou opresyon ki pa liste sou fòm nan
  - ❖ Ekri lòt medikaman ki pral kontwole Opresyon w
  - ❖ Ekri sou fòm nan non jenerik medikaman yo olyede mak medikaman yo
- Se oumenm ak Sèvis ki ba w Swen sante ki pral decide ki tretman opresyon ki pi bon pou oumenm osnon pitit ou a k ap suiv.

### 3. Pasyan/Paran/Gadyen ak Sèvis ki bay Swen sante yo:

Ansanm, yo pral diskite epi komplete seksyon sa yo:

- Kantite "Pik flo" pasyan an nan seksyon "An Sante", "Fè atansyon", "Emèjensi" ki sou bò gòch fòm lan.
- Sa ki deklannche opresyon nan pasyan an sou bò dwat fòm nan.
- Seksyon anba fòm nan, li pou minè sèlman: Diskite kapasite pitit ou pou bay tèt li medikaman li rale pa nen li. Tcheke ti kare ki pou sa a, lè sa a ni oumenm ni Sèvis ki ba w Swen Sante dwe siyen fòm nan epi met dat la.

### 4. Paran/Gadyen: *apre ou fin komplete fòm nan ak sèvis ki ba w swen sante a:*

- Fè kèk kopi Plan pou Trete Opresyon an. Renmèt orijinal ki siyen an ba enfimiyè lekòl la oubyen ba Sèvis ki pran swen timounn.
- Kenbe yon kopi lakay ou ki pou ede w pran swen opresyon pitit ou.
- Renmèt yon kopi Plan pou Trete Opresyon an ba chak mounn ki okipe pitit ou, tankou bebisitè, estaf pwogram aftè skoul, antrenè, lidè eskout.

**Entansyon Plan sa a pou Trete Opresyon se pou ede mounn, pa pou ranplase desizyon doktè ki dwe pou koresponn ak bezwen chak pasyan. Pa genyen yon lis tout medikaman opresyon yo, epitou pa gen lis non jenerik medikaman yo.**

#### Renonsman:

Itilizasyon Plan pou Trete Opresyon ki sou Website/PACNJ a ak tousa ki ladan l, se risk ou pran. Sa k nan Plan an li bay sou baz "jan ou wè l la". Asosyasyon Ameriken Mid Atlantic pou Poumon (American Lung Association of the Mid Atlantic) [ALAM-A], Koalisyon New Jersey pou Opresyon Timounn ak Granmounn ak tout afilye yo pa responsab okenn garanti, kit sa di klè kit sa pa di klè, kit se lalwa ki di l oubyen yon lòt jan sa pale; sa konprann men sa pa limite a: garanti ki sanble ki nan Plan a oubyen yon bagay tankou yon machandiz jan Plan an ta vle lese wè l, parespekte dwa yon twazyèm pati, ak aptitud pou yon rezon byen detèmine.

ALAM-A pa pretann ni li pa bay garanti sou prezizyon enfòmasyon ki nan Planan, ni si li fyab, ni si li konplè, ni si li adwat, ni sou moman li parèt la. ALAM-A pa prezante garanti, ni li pa pretann ke enfòmasyon an ap kontinye bay oubyen pa ta gen erè ladan l, oubyen ke nenpòt defo ladan l ka korije.

Nan pwèn okenn jan pou ALAM-A ta responsab oken domaj (sa konprann domaj dirèk e endirèk, domage pèsonèl/lanmò ki vin mal, pwofi ki pèdi, oubyen domaj poutèt enfòmasyon pa bay osnon ke biznis la fèmen) poutèt itilizasyon oubyen enkapasite pou itilize sa k di nan Plan an, kit li baze sou garanti, kontra, tò, ou nenpòt ki lòt teyori legal, e menm si yo enfòmè ou yo pa enfòmè e ALAM-A de domaj la. ALAM-A ak afilye l yo pa responsab okenn reklamasyon kèkilswa ki ta va koze pa itilizasyon ou move itilizasyon Plan pou Trete Opresyon an oubyen website sa a.

# Plan pou Trete Opresyon

(Plan sa a pou Opresyon konfòm a lwa N.J.S.A.18A:40-12.8) (Preskripsyon doktè)

**(Tanpri prent)**

**The Pediatric/Adult  
Asthma Coalition  
of New Jersey**  
"Your Pathway to Asthma Control"  
PACNJ approved Plan available at  
www.pacnj.org

Sponsorize pa

**AMERICAN  
LUNG  
ASSOCIATION**  
IN NEW JERSEY

**NEW JERSEY  
DEPARTMENT  
OF HEALTH  
SENIOR SERVICES**



French Creole

Non	Dat de nesans	Dat efektif
Doktè	Paran/Gadyen (si l aplikab)	Kontak pou Emèjenssi
Telefòn	Telefòn	Telefòn

## AN SANTE



**Ou gen tout sa yo:**

- Respirasyon ou bon
- Ou pa touse ou pa gen wizing
- Ou dòmi tout lannuit
- Ou ka travay, fè egzèsis, jwe



Ak/oubyen si "pik flo" w pi wo pase \_\_\_\_\_

**Pran medikaman chak jou. Kèk poban ki mezire medikaman ki rale pa bouch yo (MDI), kab pi efikas ak yon "spacer". Sèvi ak youn si yo mande w pou sèvi avè l.**

MEDIKAMAN	KI KANTITE pou pran e KI KANTITE FWA pou pran l
<input type="checkbox"/> Advair® <input type="checkbox"/> 100, <input type="checkbox"/> 250, <input type="checkbox"/> 500	1 rale 2 fwa pa jou
<input type="checkbox"/> Advair® HFA <input type="checkbox"/> 45, <input type="checkbox"/> 115, <input type="checkbox"/> 230	2 pòf MDI 2 fwa pa jou
<input type="checkbox"/> Alvesco® <input type="checkbox"/> 80, <input type="checkbox"/> 160	<input type="checkbox"/> 1, <input type="checkbox"/> 2 pòf MDI 2 fwa pa jou
<input type="checkbox"/> Asmanex® Twisthaler® <input type="checkbox"/> 110, <input type="checkbox"/> 220	<input type="checkbox"/> 1, <input type="checkbox"/> 2 rale <input type="checkbox"/> yon fwa ou <input type="checkbox"/> 2 fwa pa jou
<input type="checkbox"/> Flovent® <input type="checkbox"/> 44, <input type="checkbox"/> 110, <input type="checkbox"/> 220	2 pòf MDI 2 fwa pa jou
<input type="checkbox"/> Flovent® Diskus® <input type="checkbox"/> 50, <input type="checkbox"/> 100, <input type="checkbox"/> 250	1 rale 2 fwa pa jou
<input type="checkbox"/> Pulmicort Flexhaler® <input type="checkbox"/> 90, <input type="checkbox"/> 180	<input type="checkbox"/> 1, <input type="checkbox"/> 2 rale <input type="checkbox"/> yon fwa ou <input type="checkbox"/> 2 fwa pa jou
<input type="checkbox"/> Pulmicort Respules® <input type="checkbox"/> 0.25, <input type="checkbox"/> 0.5, <input type="checkbox"/> 1.0	1 inite nebilayè <input type="checkbox"/> youn ou <input type="checkbox"/> 2 fwa pa jou
<input type="checkbox"/> Qvar® <input type="checkbox"/> 40, <input type="checkbox"/> 80	<input type="checkbox"/> 1, <input type="checkbox"/> 2 pòf MDI 2 fwa pa jou
<input type="checkbox"/> Singulair <input type="checkbox"/> 4, <input type="checkbox"/> 5, <input type="checkbox"/> 10 mg	1 tablèt pa jou
<input type="checkbox"/> Symbicort® <input type="checkbox"/> 80, <input type="checkbox"/> 160	<input type="checkbox"/> 1, <input type="checkbox"/> 2 pòf MDI 2 fwa pa jou
<input type="checkbox"/> Lòt	
<input type="checkbox"/> Okenn	

*Sonje rense bouch ou apre ou fin rale medikaman an.*

Si egzèsis deklannche opresyon an, pran medikaman sa a \_\_\_\_\_ minit avan egzèsis.

## FÈ ATANSYON



**Ou prezante nenpòt sa yo:**

- Ou te ekspoze a yon bagay ki deklannche opresyon
- Ou touse
- Ou gen ti wizing
- Ou gen doule nan lestomak
- Ou touse lannuit
- Lòt bagay \_\_\_\_\_



Ak/oubyen si "pik flo" w de \_\_\_\_\_ a \_\_\_\_\_

**Kontinye pran medikaman yo chak jou epi ajoute medikaman aksyon rapid yo.**

MEDIKAMAN	KI KANTITE pou pran e KI KANTITE FWA pou pran
<input type="checkbox"/> Accuneb® <input type="checkbox"/> 0.63, <input type="checkbox"/> 1.25 mg	1 inite nebilayè chak 4 trè selon bezwen
<input type="checkbox"/> Albuterol <input type="checkbox"/> 1.25, <input type="checkbox"/> 2.5 mg	1 inite nebilayèchak 4 trè selon bezwen
<input type="checkbox"/> Albuterol <input type="checkbox"/> Pro-Air <input type="checkbox"/> Proventil®	2 pòf MDI chak 4 trè selon bezwen
<input type="checkbox"/> Ventolin® <input type="checkbox"/> Maxair <input type="checkbox"/> Xopenex®	2 pòf MDI chak 4 trè selon bezwen
<input type="checkbox"/> Xopenex® <input type="checkbox"/> 0.31, <input type="checkbox"/> 0.63, <input type="checkbox"/> 1.25 mg	1 inite nebilayè chak 4 trè selon bezwen
<input type="checkbox"/> Ogmante dòz de, oubyen ajoute:	
<input type="checkbox"/> Lòt	

➔ Si gen bezwen pou pran medikaman aksyon rapid pliske 2 fwa pa semèn, eksepte avan egzèsis, lès a rele doktè w.

## EMÈJENSSI



**Opresyon pa w la ap agrave rapid :**

- Medikaman aksyon rapid pate ede sou 15-20 minit
- Ou respire difisil, ou respire rapid
- Zèl nen ou ouvri byen gran
- Zo kòt ou parèt
- Ou gen pwoblèm pou mache, pou pale
- Po bouch ou ble • Zong ou ble



Ak/oubyen si "pik flo" w pi ba pase \_\_\_\_\_

**Pran medikaman sa yo KOUNYE A epi rele 911.**

**Opresyon se yon maladi ki ka touye mounn. Pa pèdi tan!**

<input type="checkbox"/> Accuneb® <input type="checkbox"/> 0.63, <input type="checkbox"/> 1.25 mg	1 inite nebilayè chak 20 minit
<input type="checkbox"/> Albuterol <input type="checkbox"/> 1.25, <input type="checkbox"/> 2.5 mg	1 inite nebilayè chak 20 minit
<input type="checkbox"/> Albuterol <input type="checkbox"/> Pro-Air <input type="checkbox"/> Proventil®	2 pòf MDI chak 20 minit
<input type="checkbox"/> Ventolin® <input type="checkbox"/> Maxair <input type="checkbox"/> Xopenex®	2 pòf MDI chak 20 minit
<input type="checkbox"/> Xopenex® <input type="checkbox"/> 0.31, <input type="checkbox"/> 0.63, <input type="checkbox"/> 1.25 mg	1 inite nebilayè chak 20 minit
<input type="checkbox"/> Lòt	

**SA A REVIZE NAN MWA ME 2009**  
Pèmision pou repwodui fòm ki apwouve pa  
www.pacnj.org

**POU MINÈ SÈLMAN:**

- Etidyan sa a kapab, e li te jwenn enstriksyon kòm sadwa selon lwa nan New Jersey pou li bay tèt li medikaman ke li rale pa bouch men ki pa sou fòm nebilayè. Non medikaman yo parèt pi wo a, selon lwa New Jersey.
- Etidyan sa a pa apwouve pou bay tèt li medikaman

SIYATI DOKTÈ / APN / PA \_\_\_\_\_ DAT \_\_\_\_\_

SIYATI PARAN / GADYEN \_\_\_\_\_

SO DOKTÈ A

Fè yon kopi pou pasyan an, youn pou dosye doktè a. Pou timoun mwens ke 18 tan, voye orijinal la ba enfimye lekòl la oubyen bay sèvis ki pran swen timoun nan.

**Bagay ki deklannche opresyon**

**Tcheke toutsa ki deklannche opresyon nan youn pasyan:**

- Pousyè lakre
- Lafimen sigarèt ak lafimen sigarèt ki pa lafimen pa w
- Grrrip/Flou
- Pousyè ti bèt kay, pousyè, nounous, tapi
- Egzèsis
- Tach imidite
- Ozòn nan lè yo alète pou sa
- Bèt nizib tankou rat, sourit, ekirèy, ravèt
- Bèt ki viv avè w nan kay la - Kap pwal bètl
- Plant, flè, zèb ki fin koupe, pollen
- Gwo lodè, pafen, pwodui pou netwaye, pwodui ki gen pafen ladan yo
- Chanjman sanzatann nan tanperati a
- Lafimen bwa
- Bagay pou manje

Lòt bagay: \_\_\_\_\_

Entansyon Plan sa a pou Trète Opresyon se pou ede mounn; li pa pou ranplase desizyon doktè ki pou koresponn ak bezwen chak pasyan.